

Règleman Kont-Diskriminasyon

Lwa Federal ak Eta

Komisyon Konsèy Lekòl Leta Miami-Dade County, Florid, suiv règleman san diskriminasyon nan anplwa ak pwogram/aktivite edikasyonèl e li fè efò pozitivman pou ofri opòtinite egal-ego pou tout moun jan lwa anba yo mande a:

“Title VI of the Civil Right Act of 1964” (“Title VI ki nan Akò 1964 sou Dwa Sivil) – entèdi diskriminasyon sou baz ras, koulè, relijyon, oubyen orijin nasyonal.

“Title VII of the Civil Rights Act of 1964” (“Title VII ki nan Akò 1964 sou Dwa Sivil), jan yo amande li – entèdi diskriminasyon nan travay sou baz ras, koulè, relijyon, sèks, oubyen orijin nasyonal.

“Title IX of the Education Amendments of 1972” (“Title IX ki nan Amandman sou Edikasyon 1972) - entèdi diskriminasyon sou baz sèks fi/gason.

“Age Discrimination in Employment Act of 1967 (ADEA)” (Akò 1967 sou Diskriminasyon Laj nan Travay), jan yo amande li – entèdi diskriminasyon sou baz laj konsènan moun ki gen omwen 40 tan.

“The Equal Pay Act of 1963” (Akò 1963 sou Egalite nan Salè), jan yo amande li – entèdi diskriminasyon sèks fi/gason nan peman salè pou fi ak gason k ap fè sibstansyèlman menm kalite travay nan menm etablisman an.

“Section 504 of the Rehabilitation Act of 1973” (Seksyon 504 Akò 1973 sou Reyabilitasyon) – entèdi diskriminasyon kont moun ki gen andikap.

“Americans with Disabilities Act of 1990 (ADA)” (Akò 1990 sou Ameriken ki Gen Andikap) – entèdi diskriminasyon kont moun ki gen andikap nan travay, sèvis piblik, akomodasyon piblik e telekomunikasyon.

“The Family and Medical Leave Act of 1993 (FMLA)” (Akò 1993 Fanmi e Absans pou Rezon Medikal) – mande anplwayè ki gen benefis asirans pou bay anplwaye ki “elijib” jiska 12 semèn absans san peye, pwoteksyon travay pou sèten rezon familyal e medikal.

“The Pregnancy Discrimination Act of 1978” (Akò 1978 sou Diskriminasyon nan Gwosès) – entèdi diskriminasyon nan travay sou baz gwosès, matènite, oubyen kondisyon medikal ki gen rapò ak gwosès.

“Florida Educational Equity Act (FEEA)” (Akò sou Egalite Edikasyonèl Florid) – entèdi diskriminasyon sou baz ras, sèks fi/gason, orijin nasyonal, sityasyon marital, oubyen andikap kont yon elèv oubyen yon anplwaye.

“Florida Civil Right Act of 1992” (Akò 1992 sou Dwa Sivil Florid) – asire libète kont diskriminasyon pou tout moun akòz ras, koulè, relijyon, sèks orijin nasyonal, laj, andikap, oubyen sityasyon marital.

“Title II of the Genetic Information Nondiscrimination Act of 2008 (GINA)” (“Title II ki nan Akò 2008 sou San Diskriminasyon Enfòmasyon Jenetik) – entèdi diskriminasyon kont anplwaye oubyen aplikan akòz enfòmasyon jenetik.

“Boy Scouts of America Equal Access Act of 2002” (Akò 2002 sou Aksè Egal-Ego Eskout Ameriken) – Okenn lekòl leta pa ka enpeche aksè egal-ego, oubyen yon opòtinite pou rankont an gwoup sou teren lekòl oubyen andwa lekòl anvan oubyen apre lè lekòl, oubyen fè diskriminasyon kont nenpòt gwoup ki afilye ofisyèlman avèk Eskout Ameriken oubyen nenpòt lòt gwoup jèn oubyen kominotè ki site nan “Title 36” (kòm yon sosyete patriyotik)

Veteran gen dwa pou retounen nan travay dapre lwa P.L. 93-508 (Lwa Federal) ak Seksyon 295.07 (Lwa Florid), ki detèmine preferans kategori pou travay.

Anplis:

Règleman Komisyon Konsèy Lekòl yo 1362, 3362, 4362 e 5517 – Entèdi fawouchman e/ oubyen diskriminasyon kont elèv, anplwaye, oubyen aplikan sou baz sèks, ras, koulè, etnik oubyen orijin nasyonal, relijyon, sityasyon marital, andikap, enfòmasyon jenetik, laj, kwayans politik, oryantasyon seksyèl, sèks fi/gason, idantifikasyon ak sèks fi/gason, ran sosyal ak fanmi, preferans lengwistik, gwosès, sitwayènte, e nenpòt lòt baz, yo entèdi legalman. Yo entèdi tou revanj kont moun ki angaje li nan yon aktivite ki pwoteje.

Pou plis enfòmasyon kontakte:

Office of Civil Rights Compliance (CRC)
Executive Director/Title IX Coordinator
155 N.E. 15th Street, Suite P104E
Miami, Florida 33132
Phone: (305) 995-1580 TDD: (305) 995-2400
Email: crc@dadeschools.net Website: <http://crc.dadeschools.net>